

Bagay ki nesèsè pou Enskri:

- Prèv rezidans Manman, Papa, oswa gadyen elèv lan (gade anba)
- Acte de naissance /batistè orijinal lan (de elèv lan)
- Kat de Idantifikasyon Paran/Gadyen (Idantifikasyon ki valab oswa youn gouvènman te bay)
- Dosye Vaksinasyon Aktif

Si pitit ou a se yon elèv ki gen yon andikap

- IEP (Plan Edikasyon Endividyalize) oswa plan 504

Pwosesis pou Prèv Rezidans

Anvan nenpòt elèv enskri nan yon Lawrence Township Lekòl, paran oswa gadyen legal elèv la dwe pwouve ke rezidans legal nan limit prezans yo. Fanmi ki gen rezidans deyò limit de Lawrence Township Lekòl yo pap elijib pou patisipe nan MSD Lawrence Township, selman si fòm “Out of District Application/Aplikasyon ki soti nan distri a” ta ranpli, te konplete epi apwouve. (Gadyen legal mande dokiman nan tribinal oswa ajans sèvis sosyal, si apwouve pa la Direktè Sèvis Elèv.)

FOK TOULEDE PAPYE DWE MONTRE ADRES AKTIF OU NAN LAWRENCE TOWNSHIP.

<u>Seksyon A</u>	<u>AVEK</u>	<u>Seksyon B</u>
<ul style="list-style-type: none">• Kontra kay oswa kopye payment kay ou• Kopi Kontra lwaye aktyèl la• Kopi Tit travay kay, prè apwouve, aplikasyon oswa papye fèmen kay (nou pap ka aksepte akò pou achte)• Pwopriyete Taks Bill (pi resan)• Konplete Lawrence Township Afidavi rezidans		<ul style="list-style-type: none">• Papye dèt sèvis piblik (Bill Dlo, Bill limyè, Bill Itilite)• Avi koneksyon sèvis piblik• Papye dèt telefòn selilè (Bill telefòn)• Papye dèt Otomobil (Bill machin)• Papye dèt medikal oswa doktè (Bill lopital)• Lisans Valab oswa Idantifikasyon Eta Indiana• Resi chèk travay oswa lèt ki soti nan travay ou*• Deklarasyon Bank oswa deklarasyon kat de kredi• Lèt ki soti nan ajans gouvènman lokal la <p>*Se yon let ki geyen let antèt ak enfòmasyon espesifik de travay ou, ansanm ak non kontak travay lan.</p> <p>Remake: ke nou pa ka aksepte adrese nan lapòs.</p>

PWOSEDI REZIDANS SA YO PA APLIKE POU FANMI AVEK TIMOUN KI NAN SITIYASYON SANZABRI (LWA MCKINNEY-VENTO)

Tèm nan “timoun ak jenès sanzabri” vle di yon endividyèl ki:

- Manke yon rezidans fiks, regilye ak adekwa pandan lannwit epi li gen ladan timoun ak jèn ki pataje lojman yon lòt moun akòz pèt lojman oswa difikilte ekonomik.
- Ap viv nan yon motèl, otèl, machin, oswa teren kan akòz mank de akomodasyon altène.
- Ap viv nan yon abri ijans oswa tranzisyon.
- Yo abandone nan yon lopital.
- Ap viv san paran oswa gadyen

DAPRÈ LWA INDIANA, PÈSONÈL NAN DISTRI LEKÒL LAN KAPAP CHWAZI POU FÈ YON VIZIT NAN REZIDANS OU A NENPÒT LÈ.